



Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**LARI KI PI AN SEKIRITE: GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU YON ENVESTISMAN 10.1 MILYON DOLA NAN TEKNOLOJI POU FÒS DE LÒD YO NAN TOUT REJYON KAPITAL LA**

***127 milyon dola nan finansman ki pèmèt depatman lapolis lokal yo atravè tout eta a modènize operasyon yo, amelyore sekirite ofisye yo, epi pwoteje Nouyòkè yo***

***Lapolis East Greenbush te investè prèske 400,000 dola nan nouvo konsòl dispatch, linèt vizyon lannwit ak lòt ekipman***

***Investisman nan sekirite piblik ap pote rezilta atravè gwo diminisyon nan vyolans ak zam nan tout Rejyon Kapital la***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te vizite Depatman Lapolis East Greenbush pou mete aksan sou plis pase 10.1 milyon dola nan investisman Eta ki ap amelyore teknoloji ak ekipman pou fòs de lòd yo atravè Rejyon Kapital la. Finansman an, ki te distribye ane pase a, pèmèt depatman lapolis lokal yo modènize operasyon yo, amelyore sekirite ofisye yo epi pwoteje Nouyòkè yo.

"Kòm Gouvènè, sekirite Nouyòkè yo se premye priyorite mwen. Se pou sa mwen distribye 127 milyon dola bay depatman lapolis lokal yo atravè tout eta a — yon finansman ki ap pote rezilta reyèl epi k ap kontribye nan diminye krim nan kominote lokal yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ansanm ak patnè fòs de lòd lokal nou yo, nou pral kontinye asire ke ofisye yo byen ekipe ak byen fòme pou fè Nouyòk pi an sekirite pou tout moun."

Depatman Lapolis East Greenbush la te resevwa prèske 400,000 dola, ki deja finanse yon nouvo dwòn, konsòl sant dispatch, linèt vizyon lannwit, radyo pòtab ak lòt acha esansyèl. Depatman Lapolis Schenectady te resevwa prèske 1.6 milyon dola, Depatman Lapolis Saratoga Springs te resevwa prèske 1.1 milyon dola, epi Depatman Lapolis Vilaj Bethlehem te resevwa prèske 750,000 dola. Finansman sa a vini pandan Rejyon Kapital la ap fè fas ak prèske 1 milyon dola nan rediksyon finansman pou preparasyon ijans sekirite piblik soti nan gouvènman federal la.

Lòt ajans nan tout Rejyon Kapital la te resevwa sipò tou pou ranfòse operasyon yo, elaji kapasite ankèt yo, epi modènize ekipman yo. Yon rapò konplè sou finansman pou teknoloji fòs de lòd yo atravè tout eta a [disponib sou entènèt](#).

Gouvènè a te mete aksan tou sou dènye estatistik inisyativ Eliminasyon Vyolans ak Zam (Gun Involved Violence Elimination, GIVE) lan, ki sipòte efò kowòdone pou diminye krim nan 21 konte. Twa jiridiksyon GIVE nan Rejyon Kapital la, Albany, Schenectady ak Troy, te gen yon gwo diminisyon enpòtan nan vyolans ak zam ane sa a. Konpare ak menm peryòd la an 2024, ensidan fiziyad yo ki gen blesi yo diminye 45 pousan epi kantite viktim nan fiziyad yo bese 43 pousan.

Apwòch kolaboratif pwogram GIVE la depase fwontyè vil yo, li sipòte rezilta ki pote plis sekirite nan kominote ki alantou yo atravè pataj done, ankèt ansanm ak resous pataje.

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta Nouyòk la (New York State Division of Criminal Justice Services), Rossana Rosado, te deklare,** "Investisman Gouvènè Hochul nan teknoloji ap ranfòse kolaborasyon ant ajans fòs de lòd yo epi kreye katye ki pi an sekirite. Lè nou bay ofisye yo zouti ak sipò yo bezwen, nou ap bati patenarya ki pi solid ak estrateji sekirite piblik ki pi efikas atravè tout Rejyon Kapital la ak Eta Nouyòk."

**Chèf Lapolis East Greenbush, Elaine M. Rudzinski, te deklare,** "Sipò finansye esansyèl Gouvènè Hochul la amelyore anpil sekirite ofisye yo ak preparasyon operasyonèl atravè amelyorasyon nan ekipman esansyèl pou depatman nou an. Nou apresye anpil angajman Gouvènè a pou asire ke nou gen zouti nesese yo ki ede ofisye nou yo fè travay yo avèk sekirite ak efikasite pou kominote nou an."

**Pwokirè Distri Konte Rensselaer, Mary Pat Donnelly, te deklare,** "Mwen apresye angajman Gouvènè Hochul nan sekirite piblik. Finansman ki bay la esansyèl paske fòs de lòd yo ap fè fas ak defi k ap ogmante chak jou."

**Manm Asanble John T. McDonald III, RPh te deklare,** "Mwen fyè dèske mwen te sipòte finansman pou amelyore teknoloji fòs de lòd yo nan Bidjè Eta Nouyòk la epi mwen kontan wè investisman an ale nan Depatman Lapolis East Greenbush ak lòt kominote nou yo nan Rejyon Kapital la. Amelyore kapasite teknolojik fòs de lòd lokal nou yo pèmèt yo detekte ak rezoud krim pi rapid, sa ki mennen nan plis sekirite piblik pou tout moun epi ede ofisye fòs de lòd nou yo nan travay yo. Konbine avèk pwogram ki gen siksè tankou pwogram GIVE ak inisyativ bidjè ane sa a pou ogmante laj pou anboche ofisye lapolis pou ede elaji kad yo, sa pa yon sipriz ke nou kontinye wè yon gwo diminisyon nan estatistik krim atravè rejyon ak eta nou an. Mèsi Gouvènè Hochul paske l sipòte efò sa yo, epi nou pral kontinye investi nan efò enpòtan sa yo pou pwoteje kominote nou yo."

**Sipèvizè Vil East Greenbush, Jack Conway, te deklare,** "Nou te onore pou nou te resevwa Gouvènè Hochul pou remèsye li pou sibvansyon nan Teknoloji pou Fòs de Lòd yo ki ede nou modènize aspè enpòtan nan sèvis nou yo epi fè kominote nou an menm

pi an sekirite. Se ak sa gouvènman an sanble lè li byen travay pou reyalize misyon esansyèl li."

Gouvènè a te note tou wòl Sant Analiz Krim Rejyon Kapital la, ki jere plis pase 10,000 demann sèvis jiskaprezan ane sa a, enkli 83 ki soti nan Depatman Lapolis East Greenbush. Sipò Sant lan ede rezoud ka ki varye soti nan lokalize adilt vilnerab ki disparèt rive nan idantifye sispèk ki konekte ak fwod ki kouvri plizyè jiridiksyon, sa ki montre kijan teknoloji ak kolaborasyon ranfòse ankèt yo epi kenbe kominote yo an sekirite.

Bidjè yo adopte pou ane fiskal 2026 la te kontinye ak 347 milyon dola nan finansman san parèy ke Gouvènè Hochul te garanti pou pwogram prevansyon vyolans ak zam, tankou GIVE, epi li sipòte lòt inisyativ pou amelyore sekirite piblik, ogmante sipò pou viktim ak sivivan krim epi ranfòse kominote yo.

[Divizyon Sèvis Jistis Penal la](#) bay sipò enpòtan nan tout aspè nan sistèm jistis penal eta a, ki enkli men ki pa limite a sa sèlman: fòm fòs lòd yo ak lòt pwofesyonèl jistis penal yo; sipèvize yon pwogram akreditasyon fòs lòd; asire Breathalyzer (tès alkòl) ak ekipman pou fè respekte vitès ke fòs lòd lokal yo itilize pou fonksyone kòrèkteman; jere finansman sibvansyon jistis penal; analize enfòmasyon sou krim ak pwogram nan tout eta a; bay sipò rechèch; sipèvize depatman pwobasyon konte yo ak altènatif nan pwogram prizon yo; epi kowòdone politik jistis pou jèn yo. Swiv DCJS sou [Facebook](#), [Instagram](#), [LinkedIn](#) ak [X \(anvan li te rele Twitter\)](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)